Citation: Fallou Ngom (PI), Elhadji Djibril Diagne, Cheikh Mouhamadou S. Diop, Daivi Rodima-Taylor, Martin Aucoin, and other contributors. "Biography of Lady Faati Ja Mbakke." 2022. https://sites.bu.edu/nehajami/the-four-languages/wolof/wolof-manuscripts/soxna-faati-ja-mbakke/.

**Soxna Faati Ja Mbàkke**

[Page 229]

Bismi l-Lāhi al-Raḥmāni al-Raḥīmi wa ṣalla l-Lāhu ʿalā sayyidinā Muḥammadin

wa ālihī wa ṣaḥbihi wa khadīmihī wa sallama taslīman.

Soxna Faati Ja mooy taawub Sëriñ Tuubaa. Soxna Ja Ture

mooy waajuram wu jigéen, di doomi Soxna Faati Bàlla Sukhraa

mum Maam Bàlla Aysa. Mi ngi gane jamano atum 1878

ca Mbàkke-Kajoor. Maam Moor Anta Sali moo ko tudd. Moom

Soxna si daan na wax ne Sëriñ bi daan na ko wax ne: "mbaa doo fàtte

sa maam Moor. Moo la tudd de !" Am njàngam: Sëriñ bee ko

jàngalal boppam. Gànnaaw ba, am na ñeneen ci mag ñi ñu ko jàngal.

Sëriñ bi moo ko tarbiyaal boppam. Néewoon na mu taqaliko ak Sëriñ bi

ludul tukkib géej gi. Wax na ne ca Tuubaa ju njëkk ja,

daan nañu toog ba ngoon ñetti tibbi cere ak kubéerug satala

la leen Sëriñ bi daa jox, te booba xéewël ya bari na fa lool.

Ku fonkoon jaamu Yàlla la, rawatina, julli guddi

ak jàng Alxuraan. Niroowoon Sëriñ bi lool, rawatina xar kanamam.

[Page 230]

akug kàddu. Ku Sëriñ bi fonkoon la. Daan na wax ne Sëriñ bi

wax na ma loo xam ne duma ko wax mukk. Nee na mës na ko ne: "ku lay yërëm

maa ci jiitu." Ab taalube rekk la mësa jàppe boppam. Soxna Maymunatul

Kubraa bi mu noppee am njàng, Sëriñ bi da koo yabal ci moom

ngir mu sàkku fa ag taalube ndax Sëriñ bi daan na wax ne ku ko

am la. Am na naarub Gànnar bu newoon Sëriñ bi gis naa sa doom

ju ñuy wax Faatimatu. Sëriñ bi teg ca : "Innahā Murīdatun Ṣādiqatun."

Doomi Sëriñ Tuubaa yi yépp ay Sëriñ la leen defoon.

Sëriñ Muhammadul Mustafaa mës naa ñów këram, ba muy dem

muy tibb ruuti oto ba ngir barkeeloo ko. Saxaar gi

bu mësaa joge Tuubaa, day taxaw fa altu ba. Booba ma ngi woon

Daaru Salaam. Dafay summi ay dàllam buy romb mu cay barkeelu

di wax naan: "Saxaar gi xëyee Tuubaa maa ngi koy ziyaare."

Liggéeyub jumaa ji, dafa jël mbooleem lim am ci ay tàkkay

jaay ko def ko ci, booleek di togg di yobbu.

[Page 231]

Njabootug Sëriñ Tuubaa gi teela làqu ca Ndaam, Daarul Aliimul

Xabiir ak ca Xuru Mbàkke moo tabax seeni barab, daa ko toppotoo.

Pastéef ci Sëriñ Tuubaa moo tax mu jël doomi Soxna

Buso Mbàkke yii def leen ñuy ay doomam, ndax la ko

Sëriñ bi waxoon ne: "Buso mooy sa doom. Sunu Boroom

moo ma ko wax." Te moom mook Soxna Buso ñoo bokk

wénn waajur wu jigéen. Loolu moo tax ba Soxna Buso nelawee mu jël

doomam ya, ñi ëpp ci ñoom, ba mu jaral ko mu seereeloo ko ñu bari.

Bokk na ca Sëriñ Mbàkke Buso, Soxna Maymunatul Kubraa

la ca yonni mu bindal ko ko ciw kayit. Ba tey Sëriñ Moodu Dem

Njaaréem defloo na ko ko. Sëriñ Muhammadul Bashiir ràkkam

bindloo na ko ko. Mbind ma mi ngeek njaboot gi. Soxna Faati Ja,

mbooleem njabootug Sëriñ Tuubaa gi, ku ci ne seq na ak yow

loo xam ne da dul xaj ciw kayit. Ñoom it ñu wormaal ko lool,

doyloo ko. Mi ngi génn àddina 1969 ca Tuubaa. Raḍiya l-Lāhu ʿanhā.